



Se vrè:

Fanm yo, nou kapab evite kansè kòl iteris.

Women, you can prevent cervical cancer – Haitian Creole

Youn nan pi bon bagay ou kapab fè pou anpeche ou gen kansè kòl iteris se fè tès regilye pou li.

Tès fwoti vajinal ap chèche si gen chanjman nan matris la ki kapab lakòz kansè. Avèk tretman chanjman sa yo pifò kansè kòl iteris kapab bloke anvan yo rive. Se yon viris ki rele papilomaviris imen (papillomavirus, HPV) ki lakòz chanjman yo nan matris la ki kapab bay kansè a. Enfeksyon HPV yo kapab bay kansè kòl iteris (ak anpil lòt kalite kansè).

Doktè ou oswa enfimyè ou kapab di ou konbyen fwa ou bezwen fè yon tès Fwoti Vajinal.

Si ou gen plis pase 30 tan, ou ta dwe fè yon tès HPV anmenmtan avèk tès Fwoti Vajinal ou pou wè si ou gen kalite HPV ki kapab ba ou kansè.

Fanm ki pa fè tès la, oswa ki pa fè tès ase souvan yo ta dwe, gen pi gwo chans pou gen kansè kòl iteris.

Si ou gen kansè kòl iteris, tès Fwoti Vajinal la kapab dekouvri li bonè, lè li piti epi li ka pi fasil pou trete.

Pifò moun pa konnen si yo gen HPV, poutèt sa li enpòtan pou yo fè tès la regilyèman.

Menmsi ou te pran vaksen pou HPV epi/oswa ou fin fè pitit, ou toujou bezwen fè tès Fwoti Vajinal regilye ak tès HPV yo jouk lè ou gen laj 65 ane.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou HPV ak koneksyon li nan kansè kòl iteris, ale sou sitwèb **cancer.org/PapTest** oswa rele Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) nan nimewo **1-800-227-2345**.